келмоқда. Бу халқимизнинг хазиналарини асрлар бўйи авлоддан авлодга ўтиб силлиқланиб, жилоланиб халқнинг турмуш шароитлари ўзгаришларига қараб янгилланганн ҳолда, уларнинг энг яхшилари бизнинг давримизгача етиб келмоқда. Бундай асарларимизнинг кўпи ҳозирги кунда ҳам халқимизнинг мусиқа ҳаётида ўз ўрнини йуқотмаган ва талабаларимизни миллатлараро тотувлик руҳида тарбиялашда катта аҳамиятга эгадур.

**Адабиётлар**


1. Азимов.Б.Г. Нравственное воспитание молодежи средствами народной музыки на материале музыкальной самодеятельности ПТУ Республики Ўзбекистан: дисс-канд, пед наук-Т; ТДПИ 1991, 188 с.
2. Моянов Ы. Қорақалпоқ халқ мусиқаси асосида ўқувчи-ёшлар маънавий-ахлоқий фазилатларини шакллантиришнинг ҳусусиятлари: педагогика фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) . … дис. – Тошкент, 2019. – 153 б.



**REZYUME:** Бу мақолада олийгоҳда ташкил этилган ансамбль ва тўгаракларда талабаларимиз фаол қатнашиб, ўз маҳоратлари ва қобилиятларини устириш билан бирга бир-бирлари билан мусобақа ўтказиш, миллий қўшиқлар асосида талабаларни миллатлараро тотувлик руҳида тарбиялаш ҳақида сўз этилган.

**РЕЗЮМЕ:** В данной статье рассказывается об активном участии наших студентов в ансамблях и клубах, организованных в университете, соревновании друг с другом наряду с овладением своими навыками и умениями, воспитании студентов в духе межнационального согласия на основе национальных песен.

**SUMMARY:** This article describes the active participation of our students in ensembles and clubs organized at the university, competition with each other along with mastering their skills and abilities, educating students in the spirit of interethnic harmony based on national songs.


## JASLARDÍŃ ESTETIKALÍQ TÁRBIYASÍ RAWAJLANÍWÍNDA QARAQALPAQ BAQSÍSHÍLÍQ ÓNERI


**S.E.Uzakov** - *oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanısh sózler:** atqarıw, sazende, baqsı, folklor, jiraw, xalıq atqarıwshı, muzıka.

**Ключевые слова:** исполнение, музыкант, бакчи, фольклор, жирау, народное творчество, музыка.

**Key words:** performance, musician, bakshi, folklore, jirau, folk art, music.


Prezidentimiz xalqımızdıń ruwxıy jetilistiriwinde dóretiwshilerdiń xızmeti oǵada úlken ekenin ayrıqsha atap ótip, rawajlanıwımızdıń házirgi basqıshında barlıq taraw wákilleri qatarında mádeniyat hám kórkem óner xizmetkerlerinde jáne de belsene, jańadan-jańa dóretiwshilik ideyalar hám baslamalar menen jasaw, izleniw ruwxıy talap etilip atırǵanlıǵı atap ótti. Jaslardı watandı súyiwshilikke, tuwǵan jerge, xalıqqa Ana Watanǵa sadıqlıqqa taǵıda kóp ǵana adamgershiliktiń eń jaqsı pazıyletlerin tárbiyalawda muzıkanıń, ásirese xalıq muzıka ǵáziynelerinde batırlıq jırlar, terme-tolǵawlardıń, watan, miynet tuwralı hám úgit-násiyat qosıqlarınıń tásirsheńligi hámmege málim.

Qaraqalpaq xalqınıń muzıka mádeniyatı erte zamanlardan berli ósip rawajlanıp keledi. Bul rawajlanıw jaslardı tariyxshı alımlarımızdıń, ilimpazlardıń, ádebiyat hám kórkem óner izertlewshi alımlar, tárepinen izertlenip, hár tárepleme tastıyıqlanıp kelmekte. Qaraqalpaq xalqınıń muzıka mádeniyatın rawajlandırıwshılar, eń eskiden kiyatırǵan súyikli ónerpazlarımızdan esaplanılatuǵın-jırawlar, baqsılar, qıssaxanlar, qosıqshılar bolıp esaplanadı hám tilge alınadı. Olardıń sazı menen sózi xalıqtıń tilegine say únles bolıp keledi. Xalqımızdıń mádeniy miyrası bolǵan muzıka mádeniyatlarımızdı rawajlandırıwshılar bolǵan jıraw, baqsı, qıssaxan hám qosıqshılardıń tutqan ornı oǵada ullı.

Xalıqtıń awızeki ádebiyatın zamannan zamanǵa, atadan balaǵa alıp keliwshi, xalıq dóretpelerin yadlap, onı ózi jasaǵan zaman tiline beyimlep qayta islep, xalıqtıń awızeki sóz ónerin

sóylep, aytıp jırlap beriwshi, bul ónerge óziniń ómirin sarp etiwge xalıqtıń jırları jıraw menen baqsıları, qıssaxan menen shayırları, ertekshi menen sazende hám qosıqshıları boladı. Qaraqalpaq xalqı Orta Aziyada jasawshı ózbek, qazaq, túrkmen, xalıqları menen territoriyalıq hám tıǵız ekonomikalıq baylanısta uzaq ásirlerden berli birge jasap keledi. Olardıń ádebiyatı menen kórkem óneri, muzıkanıń jaqınlıǵı bir-biri menen baylanısta rawajlanıp kiyatırǵanlıǵı tariyxıy dereklerden málim hám ayqın kórinedi. Olar dóretken mádeniy miyraslar ózine tán úlken ayırmashılıqlar menen birge ulıwma xalıqlıq mádeniyattıń ósip rawajlanıwına qosqan úlken úlesi bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq xalqında duwtar shertip, qosıq aytatuǵın óner iyesiniń biri «baqsı» dep ataladı. Bul «Baqsı» sózi túrk tilles xalıqlarda burınnan kiyatırǵan eski sóz. Qaraqalpaq baqsıları ózbek, túrkmen baqsıları menen óz-ara jaqınnan qarım qatnasta bolıp, xalıqtıń toy-merekelerin birge sauısın óz repertuarlarınan hár tárepleme qosıq hám dástanlar menen bayıtıp baqsıshılıq ónerin rawajlandırıwda salmaqlı úlesi bar bolıp tabıladı. Ataqlı Axımbet baqsı, onıń belgili xalıq arasında húrmet hám úlken abırayǵa iye bolǵan ataqlı shákirtleri, Musa, Edenbay, Bayniyaz, Xojabala, Xudaybergen, Qurbaniyaz, Japaq, Esjan, Amet, Genjebay baqsılar hám qaraqalpaq xalqınıń klassik shayırı Berdaqta «Berdaq baqsı»-degen ataqqa iye bolıp óz baqsıshılıq mektebin dóretken Qaraqalpaq xalqınıń ataqlı baqsıları bolıp tabıladı. Baqsıshılıq ónerin keńnen ósip rawajlanıwına Túrkmen baqsısı Súyew baqsınıń qaraqalpaqlar menen kópten berli ómir súrip kiyatırǵan Arallı ózbek baqsılarınıń miyneti ayrıqsha belgili orın tutadı. (Arallı ózbek baqsıların «Qońıratlı baqsılar» Qaraqalpaq baqsılar depte aytadı. Qońıratlı baqsılar (Arallı)-namaların Qaraqalpaq namalarına aytadı).

Bıqsıshılıq óneri, xalqımız Orta aziyaǵa, kóship kelgennen keyin ásireses XVIII ásirde Xorezmge kelgennen keyin qaraqalpaqlar arasında baqsıshılıq óneriniń keńnen taralıwı hám rawajlanǵanı alımlarımızdıń, ádebiyatshı tili ilimpazlardıń miynetlerinde óz tastıyıqlawın tapqan. Ilimpaz alımlarımızdan - Qallı Ayımbetovtıń «Xalıq danalıǵı» Qabıl Maqsetovtıń «Dástanlar» baqsılar, jırawlar, «Qaraqalpaq jıraw, baqsıları» T.Adambaevtıń «Qaraqalapq muzıkası tariyxınan» atap kitaplarında ayqın kórsetilgen. Baqsıshılıq óneri, baqsılar Qaraqalpaqlar arasında XVIII ásirden burında bolǵanlıǵı, erte dáwirlerden baslanǵanlıǵın dálillep, biraq baqsıshılıqtıń keńnen gúllep rawajlanıwın, jetilisiwin XVIII ásirden dep tariyxıy dereklerge súyene otırıp tastıyıqlanadı.

Burıńǵı baqsılarımızdıń dóretken nama-qosıqları, milliyligimizdi tanıwda, milliy mádeniyatımızdı hár tárepleme rawajlandırıwda, keleshek jaslardı milliy mádeniyatqa, tárbiyalawda qosıq-namalar dóretiwshi jaslarǵa úlgi bolıw menen qatar jol kórsetiwshi juldız retinde sanaları sózsiz. Xalqımızdıń muzıka mádeniyatın rawajlandırıwda Qarqalapq xalqınıń ataqlı baqsılarınıń dástan qosıqların atqarıwdaǵı ózgeshelikleri menen sheberlikleri, uqıplılıqları, xalqımızdıń yadında uzaq saqlanıw menen birge keleshekte de dawam ete beredi.

Qaraqalpaq xalqı uzaq ásirlerden beri óz turmıs tirishiliginiń aynası sıpatında túrli janrlarda bay muzıka mádeniyatın hám ádebiy miyrasın dóretken. Xalıqtıń awızeki ádebiyatın zamannan zamanǵa, atadan balaǵa alıp keliwshi, xalıq dóretpelerin yadlap, onı ózi jasaǵan zaman tiline biyimlep qayta islep, xalıqtıń awızeki sóz óserin sóylep, aytıp jırlap beriwshi, bul ónerge óziniń ómirin sarp etiwge xalıqtıń jırları jıraw menen baqsıları, qıssaxan menen shayırları, ertekshi menen sazende hám qosıqshıları boladı. Qaraqalpaq xalqı Orta Aziyada jasawshı ózbek, qazaq, túrkmen, xalıqları menen territoriyalıq hám tıǵız ekonomikalıq baylanısta uzaq ásirlerden berli birge jasap keledi. Olardıń ádebiyatı menen kórkem óneri, muzıkanıń jaqınlıǵı bir-biri menen baylanısta rawajlanıp kiyatırǵanlıǵı tariyxıy dereklerden málim hám ayqın kórinedi. Olar dóretken mádeniy miyraslar ózine tán úlken ayırmashılıqlar menen birge ulıwma xalıqlıq mádeniyattıń ósip rawajlanıwına qosqan úlken úlesi bolıp esaplanadı. «Ótmishin bilmegen xalıqtıń keleshegi joq» degen danalıq sózi úlken áhmiyetke iye. Bunda hárbir xalıq óziniń tariyxın, ata-babadan kiyatırǵan mádeniy miyrasın, mádeniyatın, ádebiyatın, kórkem ónerin, tariyxın biliwi keleshek jaslardı milliy mádeniyatqa, ózin-ózi tereń biliwge milliy ideyaǵa, mádeniy miyrasımızdı hár tárepleme tereń úyrenip barıwǵa shaqıradı. Qaraqalpaq xalqınıń muzıka mádeniyatı erte zamanlardan berli ósip rawajlanıp keledi. Bul rawajlanıw jaslardı tariyxshı alımlarımızdıń, ilimpazlardıń, ádebiyat hám kórkem-óner izertlewshi alımlar, tárepinen izertlenip, hártárepleme tastıyıqlanıp kelmekte. Qaraqalpaq xalqınıń muzıka mádeniyatın rawajlandırıwshılar,

eń eskiden kiyatırǵan súyikli ónerpazlarımızdan esaplanılatuǵın-jırawlar, baqsılar, qıssaxanlar, qosıqshılar bolıp esaplanadı hám tilge alınadı. Olardıń sazı menen sózi xalıqtıń tiligine say únles bolıp keledi. Xalqımızdıń mádeniy miyrası bolǵan muzıka mádeniyatlarımızdı rawajlandırıwshılar bolǵan jıraw, baqsı, qıssaxan hám qosıqshılardıń tutqan ornı oǵada ullı.

**Ádebiyatlar**


1. Q.Maxsetov «Qaraqalapq jıraw, baqsıları» 1983 j
2. T.Adambaeva «Qaraqalpaq muzıkası tariyxınan» 1985 j.
3. Ayimbetov Q. "Xalıq danaliǵı" Nókis Qaraqalpaqstan 1988.
4. Q.Maxsetov «Dástanlar, jırawlar, baqsılar» 1992 j
5. Balabekov.U.A. Vospitatelnie vozmojnosti muzikalnix Folklornix kollektivov.



**REZYUME.** Qoraqalpoq doston ijrochiligi jirovlar, baqshilar va qissaxonlar va bir qatorlari kiradi. Ularning har biri uziga xos malum ijtimoiy-siosiy sharoyitda yuzaga kelgan bolip, bir-biridan repertuaridagi dostonlar mazmunıni bilish bolip hisoplanadi.

**РЕЗЮМЕ.** Исполнение каракалпакского эпоса включает в себя жировы, бакшисы, новеллы и ряд строк. Каждый из них создавался в определенных общественно-политических условиях, и считается возможным узнать содержание былин в их репертуаре друг от друга.

**SUMMARY.** The performance of the Karakalpak epic includes zhirovs, bakshis, short stories and a number of lines. Each of them was created in certain socio-political conditions, and it is considered possible to learn the content of epics in their repertoire from each other.


## QULAQSHÍNNÍŃ ZÍYANÍ


**Karamatdin Zaretdinov –** *«Texnogen hám kórkem ónertanıw» fakulteti dekanı, docent*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanısh sózler:** muzıka, qulaqshın, shawqım, qulaq, rakovina, rezonator, dawıs bálentligi, otolaringolog, decibel.

**Ключевые слова:** музыка, наушники, звуки, громкоговорители, колонки, резонаторы, звуковые сигналы, отоларинголог, децибел.

**Key words:** music, headphones, sounds, loudspeakers, speakers, resonators, sound signals, otolaryngologist, decibel.


Házirgi jasap turǵan zamanagóy ómirimizdi muzıkasız kóz aldımızǵa keltire almaymız. Muzika bar jerde qulaqshında bar, basqalarǵa zıyan etpesten qálegen jerde qálegen namanı, qálegen waqıtta esitiw imkaniyatı tuwıladı. Biraq tilekke qarsı, ilmiy-medicinalıq izertlewler qulaqshinnıń esitiw organımızǵa qarama-qarsı tásir kórsetiwin anıqladı. Sonlıqtan, qulaqshintiń zıyani hám onnan qalay durıs paydalanıwımızǵa anıqlıq kirgizip alıwımız kerek.

Qulaqshınnıń zıyanı tek úskene sıpatında emes al onnan shıǵıp turǵan dawıstıń maksimal dárejede qattı shıǵip qulaǵımızǵa keri tásir etiwi ekenligin bilemiz.

Qulaq rakovinası júdá bir ózgeshe rezonator esaplanadı. Dáslep dawıs qulaq rakovinasına túsip esitiw jolları arqalı kúsheyip ishki qulaq jolına jetip baradı. (Ásirese haywanlarda, qulaq rakovinasınıń dawıs kelip turǵan mákanǵa qaray burılıwı arqalı dawıstıń tuwrıdan-tuwrı anıq esitiliwine alıp keledi).

Adamzattıń esitiw organınıń anotomiyalıq ózge-sheliginen kelip shıqqan halda shawqımlı seslerdiń normaları belgilenedi. Qulaqshındı qollanǵanda dawıs qulaq rakovinasın shetlep ótip tuwrıdan-tuwrı ishki qulaq jolına kelip túsedi. Sol sebepli qulaq rakovinası dawıstı kúsheyte almaydı biraq bul wazıypanı úskene dawıs kúsheytkish retlewshisi ámelge asıradı. Esitip atırǵan muzıkanıń dawıs bálentligi óziniń mólsherinde bolǵanında qulaǵımızǵa keri tásir kórsetpegen bolar edi. Biraq tilekke qarsı kópshilik adamlar muzıkanı dawıs mólsherinen bálentletip hám uzaq waqıt esitkendi xosh kóredi, bul jaǵday waqıt ótiwi menen esitiw qábiletine óziniń tásirin kórsete baslaydı. Waqıttıń ótiwi menen esitiw